Pivote ak Pwoteje: Kominikasyon pou Moman sa a

Òganizasyon san bi likratif atravè peyi a ap navige nan yon peyizaj kominikasyon ki chanje anpil. Twous zouti sa a fèt pou ede òganizasyon w lan evalye kote li kanpe, epi pran desizyon estratejik ki pral pèmèt ou avanse ak klète ak objektif. Li òganize alantou kat domèn adaptasyon: Defansiv, Resous, Naratif ak Taktik. Chak youn reprezante yon dimansyon diferan nan estrateji kominikasyon ou. Vrè valè dokiman sa a se nan konvèsasyon li deklanche yo — sèvi ak li avèk ekip ou a pou idantifye ki kote pou konsantre ak kisa pou fè annapre.

KONNEN KOTE W KANPE — YON EVALYASYON ÒGANIZASYONÈL

Anvan ou ka deside ki kote pou ale, li itil pou w onèt sou kote ou ye kounye a. Oto-evalyasyon sa a fèt pou ede ou menm ak ekip ou a fè egzakteman sa.

Evalye chak deklarasyon soti 1 rive 5. Pa gen bon repons ni move repons, jis repons ki itil. Kote repons ou yo se 1 ak 2, se la ou ta dwe konsantre efò w an premye.

1 = Pa ko rive la | 2 = Konsyan men pa ko adrese | 3 = N ap travay sou sa | 4 = N ap fè pwogrè | 5 = N ap santi nou gen konfyans

DEFANSIV	1	2	3	4	5
Si òganizasyon nou an ta vin anba yon siveyans piblik demen, èske nou gen yon plan oswa èske nou t ap eseye konprann sa k ap pase an tan reyèl?					
Ki nivo risk nou fè fas atravè nenpòt kominikasyon nou pibliye kounye a?					
Ki nivo ijans pou nou kominike e kisa k ap rive si nou pa fè sa?					
Èske nou se bon mesaje a oswa èske nou ta dwe rekrite patnè ak alye?					
RESOUS	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**
Èske n ap pase tan ak enèji sou travay ki bay rezilta oswa èske n ap travay sou mòd otomatik?					
Ki rezilta n ap chèche e èske kominikasyon aktyèl nou yo vrèman sipòte yo?					
Èske nou gen yon lide sou kote kapasite kominikasyon nou ap epwize san rezilta ki gen sans?					
NARATIF	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**

Èske kominikasyon nou yo santre sou moun n ap sèvi yo ak diferans n ap fè a?					
Èske nou konnen kiyès lòt nou bezwen rive jwenn pou plis pwoteje ak avanse travay nou an epi èske nou konnen ki kote pou jwenn yo?					
Èske aranjman nou te fè yo toujou aliyen ak valè debaz nou yo?					
Èske gen yon diferans ant sa n ap di an piblik ak sa nou kwè?					
TAKTIK	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**
Èske nou konnen kiyès odyans nou yo ye ak ki kote y ap rasanble?					
Èske n ap kominike sou bon platfòm yo ak nan bon fòma pou odyans nou yo?					
Èske n ap koute sa k ap di sou domèn pwoblèm nou an anvan nou kominike?					

DE KESYON KI MERITE POZE – NAN NENPÒT DOMÈN ADAPTASYON

Kèlkeswa domèn adaptasyon — Defansiv, Resous, Naratif ak Taktik — ki bezwen atansyon w plis, de kesyon sa yo aplike inivèsèlman.

Kesyon 1: Kisa nou ta dwe sispann? Gade chak aktivite kominikasyon k ap repete epi mande: "Si nou ta sispann sa a demen, kisa ki t ap vrèman chanje?" Si repons onèt la se "pa gran bagay" — aktivite sa a se yon kandida pou repanse.

Kesyon 2: Ki kote nou ta dwe konsantre kapasite nou libere yo? Etandone objektif nou kounye a, ki travay kominikasyon ki t ap bay plis rezilta nou pa fè oswa nou pa fè ase byen?

TWA POZISYON YO – KAT DESIZYON

Lè òganizasyon w lan ap navige nan presyon oswa siveyans, youn nan desizyon ki pi enpòtan ou ka pran se pozisyon kominikasyon w. Gen twa pozisyon posib pou konsidere: **Pwotektif, Rezistans** ak **Transfòmatif**. Chwazi bon pozisyon an kòmanse ak li siyal entèn ak ekstèn yo. Konbinezon siyal sa yo montre ki pozisyon pou w kòmanse.

Siyal ekstèn

- Nan ki pwen domèn pwoblèm ou an konteste kounye a nan kominote espesifik ou an?
- Èske presyon an vize òganizasyon w lan espesyalman oswa domèn pwoblèm ou an pi lajman?
- Ki kote presyon an soti: medya, politik, finansè oswa kominote?

Siyal entèn

- Nan ki pwen lidèchip ou an aliyen sou fason pou reponn?
- Ki kapasite aktyèl ekip ou a pou soutni yon pozisyon ki pi aktif oswa ki pi vizib?
- Nan ki pwen relasyon w yo solid ak finansè, patnè ak manm kominote a?

SI W AP FÈ FAS AK...	KONSIDERE POZISYON SA A...
Gwo presyon ekstèn, gwo kapasite entèn ak gwo aliyman →	**Pozisyon Rezistans:** nonmen mal la epi fòme naratif la
Gwo presyon ekstèn, kapasite entèn limite →	**Pozisyon Pwotektif:** dirije ak moun yo ak nesesite travay la
Presyon ekstèn difize, patenarya solid ak relasyon solid →	**Pozisyon Transfòmatif:** envite yon kowalisyon pi laj nan istwa a
Ensètitid oswa yon kote nan mitan →	**Kòmanse ak pozisyon Pwotektif la:** pozisyon w ka evolye pandan sitiyasyon an ap evolye.

KI KOTE POU KÒMANSE – KAT ETAP POU ADAPTASYON

Ou pa bezwen abòde tout bagay an menm tan. Kòmanse ak yon zòn ak yon desizyon.

Etap 1: Gade dèyè sou oto-evalyasyon ou. Ki kote 1 ak 2 ou yo rasanble? Se sa ki pwen depa ou.

Etap 2: Chwazi yon bagay pou sispann. Ki aktivite kominikasyon w ap kenbe pa abitid ki pa merite plas li?

Etap 3: Chwazi yon bagay pou konsantre sou li. Etandone zòn adaptasyon ki pi ijan ou an, ki chanjman ou ta ka fè nan 30 jou kap vini yo?

Etap 4: Fè li tounen yon dokiman. Prepare yon brèf kominikasyon yon paj ki rezime apwòch adaptasyon ou ak sa w ap angaje w nan 30 jou kap vini yo pou ekip ou a ka travay apati menm plan an.

Pou plis enfòmasyon ak resous, tanpri vizite:
strategiccommunicationtools.com